

# Yon moun kap bay swen



Yon moun kap bay swen se yon moun ki ede pran swen yon moun ki gen kansè. Nan pifò ka yo, moun kap bay swen prensipal la pa touche - anjeneral yon mari oswa madanm, patnè, oswa timoun adilt. Pafwa zanmi pwòch, kòlèg travay, oswa vwazen ka ranpli wòl sa a. Moun kap bay swen an se yon pati enpòtan nan swen moun ki gen kansè a.



## Kisa yon moun kap bay swen an fè?

Yon moun kap bay swen fè pati ekip swen kansè a, ki gen ladan tou moun ki gen kansè a ak pèsònèl medikal la. Moun kap bay swen yo fè anpil bagay pou ede moun ki gen kansè a, tankou:

- Benyen, netwaye, epi abiye.
- Fè manje ak fè repoze.
- Fè pran medikaman.
- Swiv randevou yo.
- Jere pwoblèm asirans.
- Ale ak soti nan randevou.
- Ede ak bezwen lòt manm fanmi yo.
- Pale ak ekip swen kansè a.
- Ede moun nan viv lavi li pi nòmal ke posib.



## Kijan pou vin yon bon moun kap bay swen

Yon bon moun kap bay swen se souvan yon moun ki konnen tout sa k ap pase ak pasyan an. Ou pa bezwen pè poze kesyon ak pran nòt pandan vizit doktè yo. Aprann ki moun ki manm ekip swen kansè yo epi konnen kijan pou kontakte yo.

- Enplike moun ki gen kansè an otank posib pou l jwe wòl pa l pou l vin pi byen.
- Kite moun ki gen kansè an pran desizyon. Si yo akable li ak desizyon, ba li chwa senp.
- Si moun ki gen kansè an ap fè bagay pou fè tèt li mal, chèche èd epi pale ak ekip swen kansè a. (Bagay tankou pa pran medikaman oswa pa swiv limit aktivite yo ka move chwa ki pa ta dwe inyore.)

- Pafwa ou ta ka bezwen fikse limit ak pasyan an. Pa egzanp, fè li pran swen tèt li otan ke l kapab, epi ankouraje li pou li pale sou lòt bagay ki pa kansè ak maladi.
- Sonje ke èd pwofesyonèl la pou ou tou. Li nòmal pou w santi w akable pafwa lè w ap pran swen yon moun ki gen kansè. Mande ekip swen kansè a pou èd lè w bezwen li.
- Pran swen pwòp bezwen w yo. Pandan w ap ede moun ki gen kansè an, ou dwe pran swen tèt ou tou. Asire w ou kenbe pwòp randevou doktè w, dòmi ase, fè egzèsis, manje repa ki bon pou sante, epi kenbe woutin nòmal ou otan ke w kapab.
- Pa eseye fè tout bagay pou kont ou! Kontakte lòt moun. Enplike yo nan lavi w ak nan bagay ou dwe fè pou pasyan an.



## Lè lòt moun vle ede

- Mande èd oswa kite lòt moun ede w ka retire kèk nan presyon an epi ba w tan pou pran swen tèt ou.
- Reflechi sou sitiyasyon kote w ka bezwen èd. Fè yon lis oswa make yo nan yon ajanda.
- Fè reyinyon fanmi regilye pou fè tout moun enplike. Itilize reyinyon sa yo kòm rapèl ak pou planifye swen pasyan an. Enkli moun ki gen kansè an.
- Mande fanmi ak zanmi kilè yo ka ede ak ki travay yo panse yo ka fè. Ou dwe trè klè sou sa w bezwen.
- Lè chak moun baw repons, make li sou lis ou pou asire w ke yo te pran an konsiderayson sa w te bezwen yo.



## E si mwen mal fè?

Kèlkeswa sa ou fè, ou pral rive nan yon pwen kote ou santi ke ou pa t fè yon bagay byen jan ou ta renmen fè l. Antan ke yon moun kap bay swen, ou fè le meyè ke w kapab. Pafwa, ou pral santi ke w te ka jere yon sitiyasyon pi byen oswa fè yon bagay nan yon pi bon fason. Eseye pa blame tèt ou. Jwenn yon fason pou padone tèt ou epi kontinye. Eseye kenbe yon sans pozitif sou li. Konsantre sou sa ou fè ki byen yo.

Li pa fasil pou jwe wòl yon moun k ap bay swen, men li ka gratifyan.



Pou plis enfòmasyon ak repons, vizite sitwèb American Cancer Society nan **cancer.org** oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

©2024, American Cancer Society, Inc.  
No. HAI081805 Rev. 12/24  
[bbb.org/charity](http://bbb.org/charity)

